QARAQALPAQSTAN
RESPUBLIKASI
SHIMBAY RAYONI
HA' KIMI
SHESHIMI

QORAQALPOG'ISTON
RESPUBLIKASI
CHIMBOY TUMANI
HOKIMI
QARORI

Shımbay rayonı | Chimbay tumani

№1780 2017-жыл " 15 " - ноябрь

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси, 1998 йил 5-6-сон, 97-модда)ның 17-статьясы, "Өзбекистан Республикасында майыпларды социаллық қорғаў ҳаққында"ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 29-30-сон, 277-модда)ның 25-статьясы, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже" (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 34-сон, 333-модда)ге тийкарланып социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын Шымбай районында 2018-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Өзбекистан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясына тийкарланып социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мәкемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 2060 адамды қурайтуғын 7 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм майып балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 29,4 пайыз - 33 адам;

б) билимлендириў мәкемелерин питириўши жаслар ушын 32,4 пайыз - 36 адам;

в) мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 16,2 пайыз - 18 адам;

г) пенсия жасына жақынласып қалған пуқаралар ушын 2,8 пайыз – 3 адам;

д) жазаны өтеў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар қолланылған шахслар ушын 11,7 пайыз – 13 адам;

е) киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар ушын 1,8 пайыз – 2 адам;

ж) социаллық аҳмийетли кеселликлер менен наўқасланған пуқаралар ушын 1,8 пайыз – 2 адам;

з) адам саўдасы жынаятынан жәбирленген пуқаралар ушын 0,9 пайыз – 1 адам;

л) майыплар ушын 3 пайыз - 3 адам муғдарында жумыс орынлары белгиленсин.

2. Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2017-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2018-жылдың 10-апрелинен кешикпей жумыс орынларының қалған бөлеги 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнийгеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын районлық Бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ге муўапық, белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын

(ажыратылыўын яки бәнт етип қойылыўын) ҳәмде жумыс орынлары санитария гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешим талаплары орынланбаған жағдайда мәкеменің лаўазымлы шахсларына “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ниң 15-бәнтине муўапық жәрийма салынатуғынлығы белгилеп қойылсын.

6. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў ҳаққындағы Реже”ге тийкар, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тәрепинен белгиленген муғдардан артықша шөлкемлестирген мәкемелер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге жумсалған қаржылардың бир бөлегин районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы менен дүзилген шәртнама тийкарында Бәнтликке көмеклесиў қоры қаржылары есабынан қаплаў ҳуқықына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7. Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы (К.Джумамуратов) усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына жеткизсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

8. Шымбай районы ҳәкиминиң 2016-жыл 30-сентябрь күнги “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2017-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында”ғы 447-санлы шешими (“Шымбай ҳаўазы” газетасы, 2016-жыл 21-октябрь 19-20-сан (8490-8491)) 2017-жыл 31-декабрден өз күшин жойытқан деп есапланысын.

9. Усы шешим “Шымбай ҳаўазы” газетасында жәрияланысын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

10. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары У.Калилаев ҳәм Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры К.Джумамуратовларға жүкленсин.

11. Усы шешим рәсмий баспада жәрияланған күннен күшке киреди.

Шымбай район ҳәкими **О. Казакбаев**

Шымбай районы әкиминің
2017-жыл «15» ноябрдеги
1780- санлы шешимине
1-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими

№	Мәкеме ҳәм кәрхана атлары	Улыўма жумыс ислеўшилер саны	7% квота жумыс орны	Социалақ жақтан қорғаўға мүтәж категориялар								
				14 жасқа шекемги балалары ҳәм майып балалары бар жалғыз ата, көп балалы ҳәм жалғыз басл ата-аналар	Билимлен дириў мәкемелерин тамамлап атырған жаслар	Мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар	Пенсия жасына шығыў алдында турыўшылар	Жаза орынларын азат етилген пуқаралар	Киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар	Социаллық аҳмийетли кеселликлер менен наўқасланғанлар	Адам саўдасынан жәбирленген пуқаралар	майыплар
А	***Б***	**1**	**2**	**3**	**4**	**5**	**6**	**7**	**8**	**9**	**10**	**11**
1	12-санлы мектеп	30	2	1	1	0	0	0	0	0	0	0
2	17-санлы мектеп	112	8	2	2	2	0	1	1	0	0	0
3	1-санлы мектеп	52	3	1	1	0	0	1	0	0	0	0
4	21-санлы мектеп	52	3	1	1	1	0	0	0	0	0	0
5	28-санлы мектеп	33	2	1	1	0	0	0	0	0	0	0

6	33-санлы мектеп	41	3	1	1	1	0	0	0	0	0	0
7	34-санлы мектеп	35	2	1	1	0	0	0	0	0	0	0
8	38-санлы мектеп	145	8	2	3	1	0	0	1	0	0	1
9	47-санлы мектеп	25	2	1	1	0	0	0	0	0	0	0
10	48-санлы мектеп	45	3	1	2	0	0	0	0	0	0	0
11	8-санлы музыка ҳәм көркем өнер мектеби	83	5	1	3	1	0	0	0	0	0	0
12	Мәденият бөлими	37	3	1	0	2	0	0	0	0	0	0
13	Абаданластырыў басқармасы	170	12	3	2	2	1	3	0	0	1	0
14	Ирригация бөлими	104	7	1	2	2	0	2	0	0	0	0
15	Медицина бирлеспеси	775	26	9	9	2	1	3	0	1	0	1
16	Шымбай Мүриўбет майыплар ушын ерлер интернат үйи	132	9	2	2	2	1	2	0	0	0	0
17	Мәмлекетлик санитария эпидемиялогия бақлаў орайы	106	7	2	2	1	0	1	0	0	0	1
18	3-санлы Туберкулезге қарсы гүресиў емлеўханасы	83	6	2	2	1	0	0	0	1	0	0
Район бойынша		**2060**	**111**	**33**	**36**	**18**	**3**	**13**	**2**	**2**	**1**	**3**

Шымбай районы хәкиминиң
2017-жыл «15» ноябрдеги
1780-санлы шешимине
2-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия курамы

1.	У.Калилаев	-	Район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығы
2.	З.Ержанова	-	Район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығының орынбасары
3.	К.Джумамуратов	-	Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери
4.	Р.Жумамуратов	-	Өзбекистан Жаслар аўқамы районлық Кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
5.	Б.Абдуллаев	-	«Мәҳәлле» фонды районлық бөлими баслығы, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзалары лаўазымы өзгерген жағдайда оның орнына сол лаўазымға тайынланған шахслар киритиледи.